

Felisitasyon pou tout travay di ak devouman ou mete ki fè w rive nan etap sa a! Pandan w ap kontinye chemen pou gradye ane sa a, jis konnen ke yo te ba w yon bon demaraj, ki gen ladann yon fondasyon akademik ki ekselan ki gen ladan konpetans ak eksperyans nan mond reyèl la, yon apèsi sou kolèj ak karyè, ak yon plan solid.

Pran pwochen etap ou a pou yon **avni solid kounye a!**

Pandan w ap konsidere opsyon ou pou kolèj, nou vle fè w konnen gen yon plas pou ou nan Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY)! An reyalyite, ou ka elijib pou aplike gratis pou jiska 7 kanpis SUNY ki pa chè ak bon kalite.

Gen 64 kanpis SUNY, ki toupatou nan tout rejyon nan eta a, ki ofri 7,500 pwogram diplòm ak sètifika pou prèske tout bagay ou ta renmen etidye. Pa egzanp:

<u>Karyè nan:</u>	<u>Konsantrasyon:</u>	<u>Lekòl SUNY:</u>
Teknoloji	<i>Enstalasyon/reparyasyon òdinatè</i>	Nassau Community College*
	<i>Sibèsekirite (Cybersecurity)</i>	University at Albany**
Biiznis ak Finans	<i>kontablite</i>	Suffolk County Community College*
	<i>Biznis</i>	SUNY Old Westbury**
Edikasyon	<i>Ansèyman</i>	SUNY Cortland**
	<i>Ansèyman</i>	SUNY New Paltz**
Green Careers	<i>Etid sou dirabilite</i>	Monroe Community College*
	<i>Jeni anvivònman</i>	College of Environment, Science and Forestry**
Swen sante	<i>Terapi respiratwa</i>	Monroe Community College*
	<i>Enfimyè</i>	SUNY Farmingdale**/ SUNY Delhi**

* Dezan

** Katran

Ak plis ankò www.suny.edu/NYCWaiver

Avèk anpil opsyon, li enpòtan pou jwenn èd pou decide kiyès k ap pi bon pou ou. Kontakte konseye lekòl ou a jodi a pou fè yon reyinyon pou chita pale sou tout opsyon karyè ou genyen. Elèv lekòl leta Vil Nouyòk gen aksè tou nan **konsèy sou pwochen etap (Next Steps Advising)**, madi jiska vandredi, 5 p.m. rive 8 p.m., pou plis sipò. Nan platfòm sa a, elèv kapab resevwa sipò an dirèk, youn-a-youn (1:1) atravè tèks mesaj oswa sou zoom nan men konseye ak konseye lekòl segondè leta Vil Nouyòk ki resevwa fòmasyon pou ede w avèk aplikasyon epi kreye yon plan pèsonalize pou lavi apre lekòl segondè.

Anrejistre pou jwenn enfòmasyon epi rete konekte: www.pathways.fyi/NextSteps

Nou vle tou asire ou okouran pwogram opòtinite edikasyon an (Educational Opportunity Program, EOP), ki ka **sipòte siksè w nan kolèj**. EOP bay sipò ak konsèy akademik, konsèy pèsònèl, konsèy sou karyè, leson patikilye, preparasyon sou lekòl pou fè metriz, sipò finansye pou liv ak depans ki pa nan ekolaj, kalifikasyon pwolonje pou pwogram asistans pou ekolaj Eta Nouyòk (NYS Tuition Assistance Program, TAP) ak opòtinite enteresan pou ranfòsman. Si w elijib pou manje midi gratis ak a pri redui, ou gen anpil chans ekonomikman pou elijib pou EOP men ou dwe aplike pou w wè si w ranpli kondisyon elijibilite akademik yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EOP nan www.suny.edu/eop

SUNY pral kòmanse pwogram ASAP ak ACE ki gen anpil siksè tou nan 25 kolèj ane sa a. Pwogram sa yo montre yo amelyore siyifikativman pousantaj pou gradye alè epi diminye faktè ki ka afekte siksè. ASAP|ACE bay egzansyon ekolaj, finansman pou konpanse depans transpò ak liv, konsèy pèsonalize ki konplè, sipò akademik, ak aktivite pou devlopman karyè, pami lòt sipò. Pou yon lis kanpis k ap patisipe nan ASAP oswa ACE ale la a: www.suny.edu/asap-ace

SUNY pran angajman pou ede w reyisi ak pou elaji opòtinite pou tout elèv li yo. Nou ankouraje w pou w konsidere SUNY epi aplike jodi a:

www.suny.edu/NYCWaiver

Nou espere ou pase yon dènye ane lekòl satisfèzan epi nou espere wè w nan yon gwo kanpis kolèj pou sezon otòn lan!

Avèk senserite,

John B. King, Jr., J.D., Ed.D.
Chanselye, State University of New York

David C. Banks
Chanselye, NYC Public Schools